Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение средняя общеобраз
школа с. Мичурино
Ардонского района РСО-Алания

Рассмотрено на заседании МО
Руководитель ________ Бокоева З.Л.
Протокол № 1
«31» 08 2022г.

Согласовано: зам. дир. по УВР
__________ Беленко Н.М.
«31» 08 2022г.

Утверждаю: Директор ______
Гаглоева Б. Н.
Приказ № 02-40
«1» 09 2022г.

# Кусæн программæ ирон литературæйæ

## 9-æм къласæн

Пр

ирон æвзаг æмæ литерату

**Кусæн программæ ирон литературæйæ**

**1. Ирон литературæйы чиныг 9-æм къласæн (хрестомати). Автортæ Дзасохты Ф., Басаты М., 2014**

**2. Ахуыргæнæн чиныг 9-æм къласæн. Автор Джусойты Н.Г., 2009**

**Афæдзы дæргъы – 51 сахат**

*Æмбарынгæнæн фыстæг*

***9-æм къласы ирон литературæйы Кусæн программæ*** цæттæгонд æрцыд **Федералон паддзахадон ахуырадон стандарты домæнтæм гæсгæ. Кусæн программæ арæзт у** «Ирон æвзаг æмæ литерæтурæйы программæтæ 1-11 кълæстæн»-ы бындурыл ***(Программæйы автортæ:*** Джыккайты Шамил, Хъантемыраты Римæ, Мамиаты Изетæ, Гуæздæрты Азæ; сфидар æй кодта Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады министрад, Дзæуджыхъæу,2005).

Адæмы монон царды кæддæриддæр стыр ахадындзинад уыдис фольклор æмæ аив литературæйæн. Уыдоны нывæфтыд æрцыд сæ цард, сæ историйы ахсджиагдæр цаутæ, сæ зонадон фæлтæрддзинад. Уыдоны ис зонды суадон, ныхасы фидауц æмæ бæрзонд идейæтæ. Дзырдаивадæн йæ нысаниуæг фæуæлдæр ис нæ рæстæджы. Уый рæзгæ фæлтæры хъомыл кæны гуманизм æмæ граждайнаг идеалтыл, фидар кæны адæмы удварн, уымæй рæзынц монон æмæ культурон традицитæ. Уымæ гæсгæ скъолайы куысты ахъаззагдæр у литературæ ахуыр кæнын.Сусæггаг нæу, абоны ахуырдзаутæ арæх нал кæсынц литературон уацмыстæ, зынтæй æмбарынц тексты анализ, сæ логикон хъуыдыкæнынад фæлæмæгъдæр, удварны хъомыладмæ нал ис фаг цæстæнгас.

Мадæлон литературæ нымад у федералон, æнæмæнгхъæугæ предметыл, ног ахуырадон стандартты йын ис сæрмагонд бынат.

Предметæй хæрзхъæд ахуыр райсыны мидис, принциптæ, бацæуæнтæм алывæрсыгæй каст цæуы æмæ программæ арæзт у ахæм **нормативон документты**:

- Уæрæсейы Федерацийы закъон «Ахуырады тыххæй»-йы;
- Ног ахуырадон стандартты;
- Цæгат Ирыстон-Аланийы модернизацийы комплексон проекты;
- Ирон национ ахуырады концепцийы ;
- Приоритетон национ проект «Нæ ног скъола»-йы;
- Республикон программæ «Ирон æвзаджы æмæ литературрæйы программæ 1- 11 кълæстæн»;

Мадæлон литературæ:

1) чингуытæ кæсын æмæ литературæ ахуыр кæныны ахадындзинад адæймаджы миддунейы рæзтæн цы пайда сты, уый бамбарын; чингуытæ кæсынил фæцалх кæнын,

2) литературæ адæмы национ-культурон хæзна кæй у, адæмы цард хуыздæр бамбарыны фæрæз кæй у, уый æнкъарын;

3) мадæлон æвзагыл фыст хуыздæр уацмыстæ ахуыр кæныны фæрцы банкъарын кæнын мадæлон æвзаджы коммуникативон-эстетикон гæнæнтæ, мадæлон æвзаг адæмæн сæ химбарынады фæрæз кæй у, уый;

4) хъомыл кæнын:

а) хорз эстетикон æнкъарæнтæ кæмæ ис,

æ) фысгæ æмæ дзургæ ныхасы алыхуызон жанртæй пайда кæнгæйæ, хи хъуыдытæ раст æргом кæнынмæ чи арæхсы,

б) бакаст уацмыс равзарынмæ, уый фæдыл хи хъуыдытæ раргом кæнын чи зоны;

в) уæгъд рæстæг чингуытæ кæсынмæ чи тырны, ахæм чиныгкæсæджы;

5) алыхуызон этнокультурон традицитæ цы аивадон уацмысы æвдыст цæуынц, уый раст æмбарынил фæцалх кæнын;

6) амонын аивадон уацмысы структурон æмæ эстетикон æвзæрст.

**Стандарттæм гæсгæ скъоладзаутæ литературæйæ райсдзысты ахæм зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ:**

-иумæйаг культурон-литературон арæхстдзинæдтæ: литературон уацмыс арф æнкъарын; ирон литературæйы бастдзинад æппæтдунеон литературæтимæ æмбарын; кæсыны культурæ бæрзонд кæнын; библиотекæйы, интернеты иформаци агурын зонын;

-царды зынаргъдæр цы хæзнатæ сты, уыдон иртасынмæ арæхсын: алыварсы дунемæ уарзон цæстæй кæсын; царды алы фæзындмæ хи цæстæнгас дарын; æмбарын литературæйы нысаниуæг адæймаджы удварны хъомылады; адæймаджы фауинаг миниуджытæм критикон цæстæнгасæй кæсын; литературон уацмысы агурын дзуæппытæ зæрдæагайæг фæрстытæн;

-кæсыны культурæ бæрзонддæр кæнынмæ арæхстдзинад: литературон уацмысмæ сфæлдыстадон цæстæнгасæй кæсын; зæрдæмæ хæстæг темæтыл уацмыстæ æвзарын æмæ сæ кæсын; литературон уацмысы цы дуг æмæ культурæйы кой цæуы, уыдоны æдыл арæзт диалогон ныхасы архайын; уацмысы сæйраг персонажты миддунейæн æмæ архæйдтытæн аргъ кæнын зонын;

-ныхас кæнын; ныхасы стильтæй раст пайда кæнын зонын.

**9 кълœсы** литературœ лœвœрд цœуы историон принциптœм гœсгœ. Ам œрмœг лœвœрд цœуы хронологион уагыл. Программœмœ хаст œрцыдысты ирон литературœйы ахъаззагдœр фœзындтœ œмœ зынгœ фысджыты уацмыстœ. Æвзœрст цœуынц, зонынадœн, идейон œмœ эстетикон хъомыладон цас ахъаз сты, уыцы принципмœ гœсгœ.Уым зыны литературон процесс, йœ рœзты историон, œхсœнадон œмœ культурон уавœртœ. Прорамœйы лœвœрд цœуы литературон рœзты периоды иумœйаг характеристикœ, стœй, уыцы периоды зынгœдœр цы фысджытœ уыд, уыдоны сфœлдыстадœй сœйрагдœр уацмыстœ. Классиктœй уœлдай программœйы цы фысджытœ ис, уыдоны сфœлдыстад бœлвырдœй œндœфта литературон рœзтыл œмœ йын ис историон – культурон ахадындзинад. Уыимœ хыгъд цœуынц литературон здœхтыты хуызтœ ( романтизм, символизм, реализм) œмœ сœ зынгœдœр минœвœртты аивадон œнтыстытœ.

**Программæйы нысан æмæ хæстæ**

-литературæйы фæрцы скъоладзауты иумæйаг культурæ рæзын кæнын;

- литературæйы æмбарынад бацамонын;

- литературон уацмысыл æнцой кæнгæйæ, цардæн аргъ кæнын, цард æнкъарын;

-ахуырдзаутæм рæзын кæнын чиныгкæсæджы культурæ;

-ныхасы арæхстдзинæдтæ райрæзын кæнын æмæ а.д.

Стандартты домæнтæм гæсгæ арæзт программæтæ æмæ ахуыртæ «филологи»-йæ хъуамæ арæзт уой ахæм уагыл.

*Мадœлон литературœ:*

1) чингуытæ кæсын æмæ литературæ ахуыр кæныны ахадындзинад адæймаджы миддунейы рæзтæн цы пайда сты, уый бамбарын; чингуытæ кæсынnetworkыл фæцалх кæнын,

2) литературæ адæмы национ-культурон хæзна кæй у, адæмы цард хуыздæр бамбарыны фæрæз кæй у, уый æнкъарын;

3) мадæлон æвзагыл фыст хуыздæр уацмыстæ ахуыр кæныны фæрцы банкъарын кæнын мадæлон æвзаджы коммуникативон-эстетикон гæнæнтæ, мадæлон æвзаг адæмæн сæ химбарынады фæрæз кæй у, уый;

4) хъомыл кæнын:

а) хорз эстетикон æнкъарæнтæ кæмæ ис,

æ) фысгæ æмæ дзургæ ныхасы алыхуызон жанртæй пайда кæнгæйæ, хи хъуыдытæ раст æргом кæнынмæ чи арæхсы,

б) бакаст уацмыс равзарынмæ, уый фæдыл хи хъуыдытæ раргом кæнын чи зоны;

в) уæгъд рæстæг чингуытæ кæсынмæ чи тырны, ахæм чиныгкæсæджы;

5) алыхуызон этнокультурон традицитæ цы аивадон уацмысы æвдыст цæуынц, уый раст æмбарыныл фæцалх кæнын;

6) амонын аивадон уацмысы структурон æмæ эстетикон æвзæрст.

***Ирон литературæ ахуыр кæныны предметон фæстиуджытæ***

- ирон литературæйæ аивадон тексты бындурыл зонындзинæдтæ райсын; литературон уацмыс анализ кæнынмæ арæхстдзинад хуыздæр кæнын;
- аивадон уацмыстæ кæсыны культурæ рæзын кæнын.

Уыимæ стыр нысаниуæг ис аивадон литературæйы фæрцы удварны хъомылады фарстатыл кусынæн, абоны рæстæгæн аргъ кæнын зонынæн; æгъдау, кад, намыс, патриотизм æмæ граждайнаг хæстæ цы сты, уый зонынæн; гуманон дунембарынад æмæ национ химбарынадæй хайджын кæнынæн; литературон уацмысы эстетикон æнкъарæнтæ æмбарынæн; ирон адæмы национ культурæйы сæйраг миниуджытæ литературон тексты агурынæн; ирон литературæйы нысаниуæг æмбарынæн, йæ бастдзинад æндæр адæмты литературæтимæ, культурæтимæ иртасынæн.

**Стандарттæм гæсгæ скъоладзаутæ литературæйæ райсдзысты ахæм зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ:**

-иумæйаг культурон-литературон арæхстдзинæдтæ: литературон уацмыс арф æнкъарын; ирон литературæйы бастдзинад æппæтдунеон литературæтимæ æмбарын; кæсыны культурæ бæрзонд кæнын; библиотекæйы, интернеты иформаци агурын зонын;

-царды зынаргъдæр цы хæзнатæ сты, уыдон иртасынмæ арæхсын: алыварсы дунемæ уарзон цæстæй кæсын; царды алы фæзындмæ хи цæстæнгас дарын; æмбарын литературæйы нысаниуæг адæймаджы удварны хъомылады; адæймаджы фауинаг миниуджытæм критикон цæстæнгасæй кæсын; литературон уацмысы агурын дзуæппытæ зæрдæагайæг фæрстытæн;

-кæсыны культурæ бæрзонддæр кæнынмæ арæхстдзинад: литературон уацмысмæ сфæлдыстадон цæстæнгасæй кæсын; зæрдæмæ хæстæг темæтыл уацмыстæ æвзарын æмæ сæ кæсын; литературон уацмысы цы дуг æмæ культурæйы кой цæуы, уыдоны æдыл арæзт диалогон ныхасы архайын; уацмысы сæйраг персонажты миддунейæн æмæ архæйдтытæн аргъ кæнын зонын;

-ныхас кæнын; ныхасы стильтæй раст пайда кæнын зонын.

**9 кълæсы** ахуыр кœнынц литературœйы истори. Ам œрмœг лœвœрд цœуы хронологион уагыл. Программœмœ хаст œрцыдысты ирон литературœйы ахъаззагдœр фœзындтœ œмœ зынгœ фысджыты уацмыстœ. Æвзœрст цœуынц, зонынадœн, идейон œмœ эстетикон хъомыладæн цас ахъаз сты, уыцы принципмœ гœсгœ.

**Программæйы мидис.**

Ирон советон лит-рæ 1917-1929 азты.

***Колыты Аксо.*** *Колыты Аксойы цард œмœ сфœлдыстад. Аксо-дины чингуытœ тœлмацгœнœг, фыццаг поэтикон фœлварœнты автор(«Мады Майрœмы кады зарœг», «Мах фыд», «Чырыстийы рухс райгасдзинад.»*

**Агъуызаты Иуане.** Фыссæджы тыххæй ныхас. Кадæг «Алгъуызы кадæг» - ы композицион арæзт; йæ темæ æмæ идейæ. Авторы патриотизм æмæ гуманизм кадæджы. Алгъуызы фæлгонц.

***Мамсыраты Темырболат.*** *– фыццаг ирон национ поэт «Сагъæстæ». Райгуырæн бæстæ уарзыны мотивтæ. Мамсыраты Темырболаты поэзийы. «Рынчын œмœ рынчынфœрсœг», «Ме' мгармœ». «Авдœны зард».*

***Хъаныхъуаты Инал.*** *Иналы царды хабæрттæ, йе' сфæлдыстады сæйраг мотивтæ. Поэты хœс йœ адœмы раз, йœ фœндиœгтœ, йœ бœллицтœ «Фœндон»-ы. Ирон адœмы цардыуаг œмœ œгъдœуттœ очерк «Ирон хъœуы»-йы. Хицœн адœймœгты фœлгонцтœ уацмысы. «Хохœгтœ- лигъдœттœ» -йы адœмон трагеди.*

***Хетæгкаты Къоста.*** *Къоста-поэт œмœ революцион демократ. «Ракœс»-ы катай адœмы œфхœрд œмœ тыхстыл, «Салдат»-ы катай ныййарœгыл. Национ хœдбардзинад œмœ иудзинадмœ сидт œмдзœвгœтœ «Додой» œмœ «Катай»-ы. Лирикон геройы уды рœсугъддзинад œмдз. «Хœрзбон»-ы. «Мœрдты бœсты» -йы диссœгтœ, сœ этикон œмœ социалон мидис. Поэмœ «Фатимœ»-йы мидис, йœ идейœ. Цауты историон рœстœг. Ибрагим œмœ Дзамболаты фœлгонцтœ. Фатимœ -йœ рœстœджы раззагдœр зондылхœст сылгоймаг. Поэмœ «Кœуœг айнœг»-ы мидис œмœ идейœ. Публицистон уац( этнографион очерк)«Особа.»*

**Тугъанты Батырбег.** *Фыссœджы царды хабœрттœ, сфœлдыстады фœндаг. Хœххон адœмы царды нывтœ йœ прозœйы. Уацмысы «Æгъдаумœ гœсгœ» -йы мидис œмœ идейœ: тугисын œмœ йœ антигуманон хъуыды.*

***Къубалты Алыксандыр.*** *Фыссœджы культурон œмœ сфœлдыстадон куыст. «Æфхœрдты Хœсанœ»- социалон œфхœрды ныхмœ тохы мотивтœ. Иунœджы фœлгонц кадœджы. Госœма – ирон патриахалон сылгоймаг.*

***Гæдиаты Секъа.*** *Ирон критиктœ Секъайы тыххœй. Секъайы прозœйыл афœлгœст. Радзырд «Дыса» -йы мидис. Сылгоймаджы уœззау хъысмœт. «Хо œмœ œфсымœр»-ы адœмы уавœр феодалон дуджы. «Саударœг ус»-ы хœххон царды нывтœ. Секъайы лирикœ, йœ сœйраг мотивтœ.Æмлзœвгœтœ «Æнкъард хъуыды», «Тœхуды», «Къœвда»-йы мидис œмœ сœйраг идейœтœ. Адœмон хъайтары традицитœ Секъайы поэзийы. Поэты идеал- адœмы œфхœрды ныхмœ тохгœнœг идеал – Чермен. Секъайы баснятœ,сœ социалон мидис œмœ этикон хъуыдытœ «Сырдты емынœ», «Минас»-ы.*

***Гуырдзыбеты Бласкъа.*** *Гуырдзыбеты Бласкъайы царды хабœрттœ. Йе сфœлдыстады сœйраг мотивтœ. «Къоста», «Мœгуыр усгур», «Абырœг». Комеди «Æдылы»-йы социалон конфликт. Хангуассœйы хъысмœт.*

***Ирон периодикон мыхуыры фœзынд.***

***Гæдиаты Цомахъ.*** *Цомахъы цард œмœ йе сфœлдыстад. «Тохы хъœр»-ы бœстœйы уавœр, йœ аххоссœгтœ, тохмœ сидт. «Фœдис» -ы, уайдзœф дызœрдыггœнœг фœлтœртœн. Дзыллœты ахадындзинад историон рœзты œмдзœвгœ «Адœм»-ы.*

***Байаты Гаппо***. *Байаты Гаппойы æхсæнадон æмæ културон архайæг, йæ цардвæндаг. «Мæлдзыг æмæ цъырцъыраг», «Дзæбидыр æмæ саг»- ы таурæгъон æмбисæндтæ.*
***Тлатты Хох.*** *Тлатты Хохы цардвæндаг. Утопион уацмыс «Фын»- ы сюжетон мидис. «Фын» - фидæны цардарæзты ныв.*
**Цæголты Георги.** Цæголты Георгийы цардвæндаг æмæ сфæлдыстадон фæндаг. Георгийы ахаст Къостамæ «Къостайы ингæны уæлхъус»
***Коцойты Арсены.***. *Коцойты Арсены цард æмæ æхсæнадон архайд. «Афтæ дæр вæййы»-ы мидис. «Цыппар æмæ ссæдз бон»-йы лæппуйы хъысмæт. Радзырд «Тазырæт»-ы конфликт. Базаргæджытæ æмæ хицауады æнаккаг митæ радзырд «Тохы бон»- ы. Коцойты Арсены сфæлдыстады ахадындзинад ирон литературæйы.*
***Илас Æрнигон.*** *Илас Æрнигоны сфæлдыстад. «Арфæ ракæ», «Сомы».*
*Райгуырæн бæстæйы хъысмæтыл сагъæс йæ æмдз. «Куы ркастæн», «Æрмыс иу мæн), «Хæрзбон.»*
***Брытъиаты Елбыздыхъо.*** *Брытъиаты Елбыздыхъо – ирон театр æмæ драматургийы бындурæвæрæг. Ирон сылгоймаджы хъысмæтыл сагъæс; драмæ «Дыууæ хойы» темæ. Феодалон мыггагон æгъдæуттæ æмæ сæ фæстиуджытæ. Драмæйы конфликт. Асиат æмæ Хансиат – ирон сылгоймаджы ног типтæ. Фыдæлты мæлинаг æгъдæутты хъахъхъæнджытæ. Ног зондахаст хæсджытæ. (Хъамболат, Хъылцъыхъо, Пупæ). Фæллойгæнæг адæмы сæрибарыл тох трагеди «Амыран»-ы. Трагедийы сæйраг архайджытæ. Бесæйы фæлгонц. Елбыздыхъо сфæлдыстады ахадындзинад ирон литературæйы.*
***Хъороты Дауыт.*** *Хъороты Дауыты цард æмæ сфæлдыстад «Æз нæ уыдтæн,гæды уыди». Чиновникты фæлгонцтæ. Фæсдзæуины психологи уацмысы.*
***Токаты Алихан***. *Токаты Алиханы цард æмæ сфæлдыстадыл афæлгæст. «Цыкурайы фæрдыг»- курдиат æмæ зонындзинады символ. «Хохы цард» -ы хъынцъым хохаг мæгуыр адæмы уæззау царды æууæлтыл.*
***Цæлыккаты Ахмæт.*** *Цæлыккаты Ахмæты цард æмæ æхсæнадон архайд. Туркмæ лидзыны трагикон цауæй иуныв радзырд «Фæстаг бæх»-ы. Уацмыс «Туг тугæй æхсадæуы» - йы мидис.*

***Сæйраг домæнтæ 9 – æм къласы ахуыргæнинæгты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм.***
**Уацмыстæ наизусть ахуыр кæнынæн.**

Гæдиаты Цомахъ «Адæм».
Барахъты Гино «Азджериты Куыцыкк» (Скъуыддзаг).
Малиты Георги. Скъуыддзаг поэмæ «Темур – Алсахъ»-æй.
Кочысаты Мухарбег «Фыстæг мæ мадмæ»
Калоты Хазби « Хорзæй баззай, Ир».
Плиты Грис «Салдат».

**Ахуыргæнинæгтæ хъуамæ зоной:**
- фысджыты цард æмæ сфæдыстад;
- цы уацмыстæ ахуыр кодтой, уыдоны сюжеттæ, композицийы хицæндзинæдтæ, фæлгонцтæ;
- этикон характеры тыххæй æмбарынад;
- æмбарынæдтæ:æмдзæвгæ, поэмæ, радзырд, драмæ, трагедии, роман, фыссæджы индивидуалон стилы сæйраг миниуджытæ;
- наизусть ахуыр кæнынмæ цы уацмыстæ амынд цæуы, уыдон.

**Ахуыргæнинæгтæ хъуамæ арæхсой:**
- фыссæджы арæзт аивадон нывтæ иртасын æмæ æвдисын;
- уацмыс анализ кæнын, йæ хæйттæ хынцгæйæ;
- эпос, лирикæ, драмæ кæрæдзийы иртасын;
- уацмысы хъайтарæн характеристикæ дæттын, цалдæр уацмысы хъайтарты кæрæдзийыл абарын;
- авторы ахаст уацмысы архайджытæм æмæ цаутæм иртасын;
- уацмыс аив кæсын;
- хи сæрмагонд дзургæ æмæ фысгæ ныхасмæ пълан саразын;
- литературон – критикон æмæ публицистикон уацтæн, стæй ахуыргæнæджы лекцийæн хи куысты пълан, тезистæ, конспект аразын;
- литературон темæйыл доклад кæнæ реферат бацæттæ кæнын;
- нырыккон литературон фæзындтæн аргъ кæнын.

**Ахуыры рæстæджы пайдагонд цæудзысты** репродуктивон и продуктивон ахуыры методтæ:
- информацион технологи;

- цæстуынгæ æрмæг,
- ИКТ,
- уацмыстæм иллюстраци,
- амонæн литература.

**Æрмæг куыд æмбæрстгонд æрцыд, уый сбæрæг гæнæны хуызтæ:**

*тест саразын; фысгæ, дзургæ дзуæппытæ; нывæцæн, изложении.*

***Контролы формæтæ***

- индивидуалон
- къордæй
- фронталон

***Контролы хуызтæ***

- развæлгъау
- æрвылбон
- тематикон
- хатдзæг

**Урочыты хуызтæ:**

- урок-ног æрмæг амынд
- урок-практикон куыст
- уроки-хъазт
- компьютерон урок
- урок -къордты куысты формæ
- ныхасы рæзты куыст
- интеграцигон урок

**Технологитæ:**

- традицион технологи;
- архайды технологитæ;
- иннæ предметты бастдзинадимæ

**НЫХАСЫ РÆЗТ**

**ДЗУРГÆ НЫХАСЫ РÆЗТ**

Литературон уацмыстæ аив кæсын. Аивадон уацмысы мидис фæрстытæм гæсгæ дзурын. Арæхсын уацмыс анализ кæнынмæ, йæ идеон-аивадон хицæндзинæдтимæ йын иртасынмæ,хъайтартæм æмæ уацмысмæ хи цæстæнгас æвдисынмæ.

**ФЫСГÆ НЫХАСЫ РÆЗТ.**

Программон уацмыстæм гæсгæ сочинени ныффыссын. Литературон-критикон уацтæм пълан æмæ тезистæ аразын. Литературон темæйыл доклад кæнæ реферат аразын. Фæсурокты бакаст чиныгыл, кинонывыл, телеравдыстыл рецензи фыссын. Сочинени хибар темæйæ фыссын.

Литературæ- адæмы царды нывæфтыд истори. Литературæйы бастдзинад цардимæ. Йæ ахадындзинад. Аив литературæйы зонадон æмæ хъомыладон нысаниуæг.

Ирон литературæйы рæзты периодизаци.

1.XIX æнусы ирон литературæ ( XYIII æнусы кæрон – 1905 азтæ).
2.Ирон литературæ XX æнусы райдайæны ( 1905-1917 азтæ).

Иумæйаг æмбарынад историон-литературон процессы тыххæй. Ирон адæмы историйæ цыбыр зонинæгтæ.Ирон адæмы равзæрд (этногенез); скифтæ, сæрмæттæ, алантæ – иры фыдæлтæ. Ирон адæмы æрмæгон (материалон) æмæ монон културæ. Ирон рагон фыстытæ..

Ирыстон бархийæ Уæрæсеимæ кæй баиу, уый историон æмæ културон ахадындзинад. Фыццаг ирон скъолатæ. Фыццаг ирон чиныджы фæзынд . Æгъуызаты Иуанейы рухсадон куыст.

Ирон культурæ XIX æнусы 40-50 азтæ. Уырыссаг æмæ европæйаг культурæты ахадгæ æндæвдад. Академик А. Шегрен æмæ йæ «Ирон грамматикæ» (1844 аз). Ирон национ интеллигенци æмæ рухстауæн-культурон куыст. Адæмон сфæлдыстады фыццаг æмбырдгæнджытæ (Цорæты Е., Д. Чонкадзе).

Ахуырад æмæ культурæйы рæзт Ирыстоны 60-70 азты. Фыццаг ирон рухстауджытæ.

**Колыты Аксо** – дины чингуытæ тæлмацгæнæг æмæ редактор, фыццаг поэтикон фæлварæнты автор. Дины æмдзæвгæтæ («Мады-Майрæмы кады зарæг», «Мах фыд», «Чырыстийы рухс райгасдзинад»). Сæ мидис, сæ аивадон миниуджытæ.

Уырыссаг ахуыргæндты зонадон æмæ рухсадон куыст (академик Шифнер. «Осетинские тексты» - «Ирон тексттæ»», Вс. Миллер «Осетинские этюды», Епископ Иосифы (И.И. Чепиговский) ахуыргæнæн чингуытæ.

## ИРОН ЛИТЕРАТУРÆ XIX ÆНУСЫ

XYIII æнусы кæронæй 1905 азмæ)

Кæсынæн æмæ ахуыр кæнынæн.

**Æгъуызаты Иуане (1775-1830).** «Алгъуызы кадæг»

Ныхас фыссæджы тыххæй.Йæ культурон æмæ æхсæнадон куыст. Иуане – тæлмацгæнæг æмæ фыццаг ирон дамгъуат саразæг.

Хъайтарон поэмæ «Алгъуызы кадæг». Йæ мидис, йæ идейæ. Авторы патриотизм æмæ гуманизм. Алгъуызы фæлгонц. Йæ хъæбатырдзинад, йе гъдау, йæ фæндиæгтæ. Кадæджы тæлмацтæ ирон æвзагмæ. Йæ ахадындзинад ирон культурæйы.

**Мамсыраты Темырболат (1845-1899)**

«Сагъæстæ», «Дыууæ æмбалы», «Рынчын æмæ рынчынфæрсæг», «Ме мгармæ», «Авдæны зард», «Кæмæдæр».

Мамсыраты Темырболат- фыццаг ирон национ поэт. Йæ царды хабæрттæ.

**Хъаныхъуаты Инал (1851-1899).** «Фæндон», Ногæй Ирыстоны», «Алыбеджы маст», «Ирон хъæуы», «Хохæгтæ-лигъдæттæ».

Иналы царды хабæрттæ. Инал – публицист, поэт, прозаик. Йе сфæлдыстады сæйраг мотивтæ: Райгуырæн бæстæ уарзын, фæллойгæнæг адæмы зын уавæртыл сагъæс кæнын, сæ бартыл дзурын, фыдæгъдæутты ныхмæ тох кæнын.

**Хетæгкаты Къоста. (1859- 1906).** «Ракæс!», «Додой», «Катай», «Салдат», «Хæрзбон», «Уæлмæрдты», «Фатимæ».

Къостайы биографи. Къоста – поэт æмæ æхсæнадон кусæг. Ирон адæмон сфæлдыстад æмæ европæйаг классикон литературæйы ахадындзинад Къостайы сфæлдыстадон рæзты. Къоста – ирон литературæ æмæ литературон æвзаджы бындурæвæрæг. Къостайы бынат ирон культурæйы.

Къостайы лирикæ. Сæрибарыл тохы мотивтæ, хæххон царды нывтæ. Поэты гуманизм. Йæ этикæ æмæ йæ эстетикæйы сæйраг принциптæ.

**Тугъанты Батырбег (1866-1921)**

Фыссæджы царды хабæрттæ. Йе сфæлдыстадон фæндаг. Хæххон адæмы царды царды нывтæ йæ прозæйы.

Къубалты Алыксандр ( 1871-1937).

«Æфхæрдты Хæсанæ».

**Гæдиаты Секъа (1855-1915).**

«Дыса», «Æнкъард хъуыдытæ», «Саударæг ус», «Хо æмæ æфсымæр», æмдзæвгæтæ «Тæхуды», «Чермен», баснятæ «Сырдты емынæ», «Минас», «Къæвда».

Секъайы царды. Ирон критикæ. Секъайы тыххæй. Йе сфæлдыстады бастдзинад фольклоримæ, йæ ахадындзинад ирон литературæйы историйы. Фыссæджы гуманизм..

Секъайы прозæ. Сæрибармæ бæллыны мотивтæ фыссæджы сфæлдыстады. Йæ этикон зонадхаст. Национ хиæмбарынады проблемæтæ.

Фæллойгæнæг адæм æмæ æлдæртты ахастытæ, адæмы тох се фхæрджыты ныхмæ.

**Гурджибети Блашка (1868-1905).** «Абæрег», «Мæгур уосгор», комедии «Æдули», «Къоста».

Блашкайы царды хабæрттæ. Йе сфæлдыстады сæйраг мотивтæ.

## ИРОН ЛИТЕРАТУРÆ XX ÆНУСЫ РАЙДАЙÆНЫ (1905 -1917).

Ирыстоны экономикон æмæ политикон уавæр 1905-1917 азты. Фыццаг уырыссаг революци. Йæ аххосæгтæ. Фæллойгæнæг дзыллæты æхсæнадон зондахасты рæзт. Сæ тох бартыл æмæ социалон рæстдзинадыл.

Ирон периодикон мыхуыры фæзынд. Газеттæ «Ирон газет» (1906) æмæ «Ног цард»(1908), журнал «Зонд», (1907). Сæ идейон здæхт, сæ ахадындзинад ирон культурæ æмæ литературæйы рæзты. Ирон литературæ 1905-1907 азты. Æхсæнадон царды æндæвдад ирон литературæйы рæзтыл.

**Байаты Гаппо(1868-1939).** «Уазæг», «Дзæбидыр æмæ саг», «Мæлдзыг æмæ цъырцъыраг».

Гаппо – Ирыстоны XX æнусы райдайæны æхсæнадон æмæ культурон царды архайджытæй иу. Йæ цардвæндаг.Чиныгуадзæн æхсæнад «Ир» саразынил куыст. Ирон фольклор æмæ литературæйы фыццаг чингуытæ («Æфхæрдты Хæсанæ», «Ирон фæндыр», «Фарн») уадзын.

Гаппойы литературон архайд. Йæ арæзт чиныг «Гæлæбу». Гаппойы таурæгъон æмбисæндтæ.

**Коцойты Арсен (1871-1944).** «Афтæ дæр вæййы», «Цыппар æмæ ссæдз боны»», «Тазырæт», «Тохы бон».

Арсены цард æмæ æхсæнадон архайд æвддæсæм азы размæ. Арсен журнал «Æфсир»-ы редактор. Йæ куыст газет «Правдæ»-йы.

Арсен – ирон радзырды дæсны. Йæ прозæйы сæйраг фæрстытæ.

**Цæголты Георги (1871-1939).** «Къостайы ингæны уæлхъус», «Дыгуроны радзырд».

Фыссæджы царды хабæрттæ. Йе сфæлдыстадон фæндаг. Йæ поэзийы сæйраг мотивтæ.

**Тлатты Хох. (1880-1932).** «Фын».

Фыссæджы царды хабæрттæ. Хохы прозæ.

**Брытъиаты Елбыздыхъо (1881-1923).** «Дыууæ хойы», «Амыран».

Брытъиаты Елбыздыхъо – ирон театр æмæ драматургийы бындурæвæрæг. Фыссæджы цардвæндаг. Елбыздыхъойы архайд Ирыстоны æхсæнадон-политикон царды( 1905- 1907). Елбыздыхъо ахæстоны æмæ хасты уавæрты. Университеты ахуыры азтæ. Журнал «Хуры тын». Елбыздыхъо газет «Горская жизнь»-ы редактор.

Идейон-эстетикон идеалтæ агурын. Драмон сценæ «Маймули рухсаг, æгас цæуæд ирон тиатр!». Елбыздыхъойы цæстæнгас ирон аивад æмæ литературæмæ. Йæ публицистон уацтæ («Судьба осетинской литературы», «Чиныгуадзæгæй 1», «Чиныгуадзæгæй 2», «Ныстуан 1», «Ныстуан 2», «Ныстуан 3», «19-æм мартъийы 10 азы æххæст кæны Къостайы амæлæтыл»). Фыссæджы социалон идеалтæ, йæ гуманизм.

Елбыздыхъойы сфæлдыстадон фæндаг. Йæ фыццаг драмæтæ…

Дзургæ æмæ фысгæ куысты сæйраг хуызтæ ирон литературæйæ 9-æм къласы.

Уацмыстæ аив кæсын.

Дзургæ æмæ фысгæ ныхасæн пълан аразын.

Цы аивадон уацмыстæ бакастысты, уыдон мидис фæрстытæм гæсгæ дзурын, изложени ныффыссын.

Сочиненитæ ныффыссын æмæ дзургæ куыст саразын, кæй ахуыр кæнынц, уыцы уацмыстæм гæсгæ (уыимæ индивидуалон , къордон, уацмысы хъайтарты абарстон характеристикæйæ пайда кæнгæйæ).

Æхсæнадон-политикон æмæ литературон-критикон уацтæн пълан æмæ тезистæ аразын.

Фæсурокты цы чиныг бакастысты, ууыл, кинонывыл, телевизион равдыстыл æмæ спектаклыл рецензии ныффыссын.

Предметты хсæн бастдзинад. Ирон æвзаг. Публицистон æмæ зонадон (наукон) текст радзурын. Сочинени ныффыссын скъолайы царды (аивадон, хихъæппæрисадон къордты куыстыты) тыххæй.

Сæйраг домæнтæ 9-æм къласы ахуыргæнинæгты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм

Ахуыргæнинæгтæ хъуамæ зоной:

-сæйрагдæр зонындзинæдтæ литературон здæхтыты тыххæй (романтизм, символизм, реализм);

-фыысæджы тыххæй ахсджиагдæр биографион зонинæгтæ;

- цы уацмыстæ сахуыр кодтой, уыдоны æвдыст дуджы характерон миниуджытæ;

-уацмысы сюжет æмæ композицийы æууæлтæ, йæ фæлгонцты системæ;

-уацмысты жанрты хицæндзинæдтæ;

-æмбарынæдты сæйраг миниуджытæ: аивадон фæлгонц æмæ аив литературæ; литературон характер, литературон тип;

-наизусть дзурынæн цы уацмыстæ амынд цæуы, уыдон.

Ахуыргæнинæгтæ хъуамæ арæхсой:

- фыссæг цы аивадон нывтæ сарæзта, уыдон æвзарын;

-уацмыс анализ кæнын, йæ идейон-аивадон хицæндзинæдтæ хынцын;

- эпос, лирикæ, драмæ иртасын;

-уацмысы идейон мидис райхалын, хъайтары фæлгонцæн цы нысаниуæг ис, уый иртасын, авторы позици иртасын;

- аивадон, æхсæнадон-политикон æмæ литературон-критикон тексттæ раст æмæ рæвдз кæсын;

-уацмыстæ аив кæсын;

-дзырдуатæй фысгæйæ æмæ ныхасы пайда кæнын;

-хи дзургæ æмæ фысгæ ныхасæн пълан аразын;

- æхсæнадон-политикон æмæ литературон-критикон уацтæн конспект æмæ пълан аразын.

## Тематикон плантæ 9-æм къласæн

| Сæргонд (хай) | Сахæттæ | Урокдæ | Нымæц (къæлиндарон пълан) | Урочы темæ. | Лит-йы теори | Ныхасы рæзт | Фæлхат | Хибарæй каст | ИКТ |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Разныхас | 1 | 1 | | Литературæ – адæмы царды нывæфтыд истори. | | | Ирон адæмы историйæ (этногенез) | В.Миллер. «Осетинские этюды» | презентаци |
| Ирон адæмы рагон истори. | | | | Ирон адæмы рагисторийы цаутæ æмæ этногенез (скифтæ, сæрмæттæ, алантæ). | | Дзургæ сочинени нæ адæмы историйæ | Нарты кадджытæ. | Кадæг æмæ зарæг «Задалески Нана». | |
| | | | | Ирон фыссынад, рагон цыртдзæвæнтæ. | | Реферат. | | | |
| | | | | Фыццаг ирон лит-он уацмыс: «Мах уыдыстæм фараст æфсымæры». | | | Ос-Бæгъатыры кадджытæ. | | |
| | | | | Фыццаг ирон скъолатæ. Фыццаг ирон чиныг. | | | | | |
| XVIII æнусы рухстауæн ахадындзинад Ирыстоны. | 1 | 1 | | Фыццаг ирон рухстауджытæ. Колыты Аксойы цард æмæ сфæлдыстад. | | | Аксойы æмдзæвгæтæ. | А.Шифнер «Осетинские тексты» В.Миллер. «Осет. этюды». | |
| Колыты Аксо – фыццаг ирон рухстауæг | 1 | 1 | | Фыццаг ирон рухстауджытæ. Колыты Аксойы цард æмæ сфæлдыстад. | | | | | |
| Æгъуызаты Иуане. | 1 | 1 | | Æгъуызаты Иуанейы культурон-æхсæнадон куыст. | | | | | |
| | | | | «Алгъуызы кадæг»-ы патриотизм æмæ гуманизм. | | | | «Слово о полку Игореве». | |
| Мамсыраты Темырболат. | 1 | 1 | | Мамсыраты Темырболат – фыццаг ирон национ поэт «Сагъæстæ». | Лит. теори «стих» Стихарæзты тыххæй æмбарынад (ритм рифмæ, строфа). | | | Мемуары Мусса Кундухова. («Дарьял», 1994, №1, 1995, №1,2,3). | презентаци |
| | | | | Мамсыраты Темырболат. «Рынчын æмæ рынчынфæрсæг», «Ме' мгармæ». «Авдæны зард». | Силлабикон стихарæзт. | | Къоста. «А-ло-лай». Хостыхъоты З. «Авдæны зард». | Мамсыраты Т. «Ирон зарджытæ». | |
| Хъаныхъуаты Инал. | 3 | 1 | | Хъаныхъуаты Инал. Иналы царды хабæрттæ, йе' сфæлдыстады сæйраг мотивтæ. | | | | | презентаци |
| | | 2 | | Хъаныхъуаты Инал. «Ирон хъæуы». Ирон адæм цардыуаг æмæ æгъдæуттæ очеркы. Хицæн адæймæгты фæлгонцтæ уацмысы. | Публицистикæ, очерк. Боныг. | | | | |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Хъаныхъуаты И. «Хохæгтæ-лигъдæттæ». | | | | Булкъаты М. Теркæй-Туркмæ. | |
| Хетæгкаты Къоста. | 6 | 1 | | Къоста – поэт æмæ революцион демократ. «Ракæс», «Салдат». | Реализм. | Поэты царды нысан. | | Поэты уырыссагау фыст æмдз-тæ. | през ента ци |
| | | 1 | | Хетæгкаты Къоста. Хибардзинад æмæ иудзинадмæ сидт æмдз-тæ Хетæгкаты Къоста. «Додой» æмæ «Катай»-ы.. | Адæмы фидæныл сагъæс. | | | | през ента ци |
| | | | | Хетæгкаты Къоста. Лирикон геройы уды рæсугъддзинад æмдз. «Хæрзбон»-ы. | | | | Къостайы фысджытæ Цæлыккаты А. | |
| | | 1 | | Хетæгкаты Къоста.. Цардыуаг æмæ æгъдауы фарстатæ поэмæйы- «.Уæлмæрдты» | | | | | |
| | | 2 | | Хетæгкаты Къоста.Поэмæ «Фатимæ». Ибрагимы фæлгонц. Фатимæ йæ рæстæджы раззагдæр зондылхæст сылгоймаг. | | Поэмæйы тыххæй æмбарынад. Мидис, идейæ. | | Къоста. «Особа». «Неурядицы Северного Кавказа». | |
| **Ныхасы рæзт.** | **2** | **2** | | **Сочинени: «Фатимæ – сæрибар царды символ».** | | | | | |
| Тугъанты Батырбег. | 1 | 1 | | Тугъанты Батырбег. Фыссæджы царды хабæрттæ. Йæ сфæлдыстады фæндаг. | | | | Тугъанты Б. «Ханиффæ». | |
| | | | | Тугъанты Батырбег. «Æгъдаумæ гæсгæ». Уацмысы идейæ. | | | Тугисын æмæ йæ антигуманон хъуыды. | | |
| Къубалты Алыксандр | 3 | 3 | | Къубалты Алыксандр «Æфхæрдты Хæсанæ» Социалон æфхæрдты ныхмæ тохы мотивтæ. Хæсанæ – социалон мастисæг. Госæма – ирон патриархалон сылгоймаг. | Романтизм. | Хæсанæйы фæлгонц. | | Мамсыраты Д. «Æфхæрдты Хæсанæ». | |
| **Ныхасы рæзт.** | **2** | **1** | | **«Иунæджы фæлгонц кадæг «Æфхæрдты Хæсанæ» -йы.** | | | | | |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Гæдиаты Секъа. | 6 | 1 | | Гæдиаты Секъа.Йе' сфæлдыстады бастдзинад фольклоримæ. | | | | | през ента ци |
| | | | | Гæдиаты Секъа. «Дыса». | | Сылгоймаджы уæззау хъысмæт. | | | |
| | | 1 | | Гæдиаты Секъа. «Хо æмæ æфсымæр». | | | | «Садуллæ æмæ Манидзæ». | |
| | | 1 | | Гæдиаты Секъа. «Саударæг ус». | | | | | |
| | | 1 | | Гæдиаты Секъа.Æмдз-тæ «Æнкъард хъуыды», «Тæхуды», «Къæвда». | Аллегори. | Аив каст. Æмдз-ты аллегорион ахастдзинад. | | Секъайы баснятæ. | |
| | | 1 | | Гæдиаты Секъа. «Чермен». | | Чермены фæлгонц. | | | |
| | | 1 | | Секъайы баснятæ «Сырдты емынæ», «Минас». | | Хъуыды. Цыппу. | | | |
| Гуырдзыбеты Блашка. | 2 | 1 | | Блашкайы царды хабæрттæ «Абырæг», «Мæгуыр усгур», «Къоста». | | Иунæджы фæлгонц. | | Къоста. «Чи дæ». | |
| | | 1 | | Гуырдзыбеты Блашка. «Æдули»-йы социалон конфликт. Хангуассæйы хъысмæт. | Сатирæ æмæ юмор драмон уацмысы. | Рольтæм гæсгæ дзурын. | | | |
| Ирон лит-рæ XX æнусы райдайæны. Ирон периодикон мыхуыры фæзынд. | | | | | | | | | |
| Гæдиаты Цомахъ. | 2 | 1 | | Гæдиаты Цомахъ. Поэты цард æмæ сфæлдыстад. Æмдз. «Тохы хъæр», «Фæдис». | | | | Темырханты С. «Иры истори». | през ента ци |
| | | 1 | | Гæдиаты Цомахъ.Дзыллæты ахадындзинад историйы рæзты. Æмдз. «Адæммæ». | | | | | |
| Байаты Гаппо | 1 | 1 | | Байаты Г. – æхсæнадон æмæ культурон архайæг. «Дзæбидыр æмæ саг». «Мæлдзыг æмæ цъырцъыраг». «Иунæджы кадæг». | | Фæндырдзæгъ дæджы хъысмæт. | Æмбисонды традицитæ ирон лит-йы. Крыловы баснятæ | Байаты Г «Пушкин хохаг адæмы царды». «Боевая служба осетин». | |
| Коцойты Арсен. | 4 | 2 | | Арсены цард æмæ æхсæнадон архайд 1917 азы размæ. «Афтæ дæр вæййы». | | Ирæд æмæ йæ фæстиуджытæ. | | | през ента ци |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | | Коцойты Арсен. «24 боны». | | Мæгуыр лæппуйы хъысмæт. | | | |
| | | 1 | | Коцойты Арсен. «Тазырæт». | | | | | |
| | | | | Коцойты Арсен. Базаргæджытæ æмæ хицауады æнаккаг митæ радзырд «Тохы бон» - ы. | | | | | |
| Цæголты Георги. | | 1 | | Цæголты Г. царды хабæрттæ. «Къостайы ингæны уæлхъус». «Дыгуроны радзырд». | | | | Цæголты Г. «Фæндыр-дзæгъдæг Хъуыдайнат». | |
| Тлатты Хох. | 2 | 1 | | Тлатты Хох.Фыссæджы царды хæбæрттæ Уацмыс «Фын». | Утопион уацмысы тыххæй æмбарынад. | | | Тлатты Х. «Кæмæ æнхъæлмæ каст нæртон рæсугъд». | |
| | | 1 | | Тлатты Хох. «Фын» - фидæны æхсæнадон цардарæзты ныв. | | | | | |
| Брытъиаты Елбыздыхъо. | 7 | 1 | | Брытъиаты Е. – ирон театр æмæ драматургийы бындурæвæрæг. | | | | | през ента ци |
| | | 1 | | Брытъиаты Елбыздыхъо. Ирон сылгоймаджы хъысмæтыл сагъæс – драмæ «Дыууæ хойы» темæ. | Драмæ. Драмон конфликты тыххæй æмбарынад. | | | | |
| | | 1 | | Брытъиаты Елбыздыхъо. Феодалон мыггагон æгъдæуттæ æмæ сæ фæстиуджытæ. Драмæйы конфликт. | | | | | през ента ци |
| | | 1 | | Брытъиаты Елбыздыхъо. Драмæйы идейæтæ. Дыууæ хойы – ирон сылгоймаджы ног типтæ. | | | | | |
| | | | | Брытъиаты Елбыздыхъо.Фыдæлты мæлинаг æгъдæутты хъахъхъæнджытæ. Ног зондахаст хæсджытæ. (Хъамболат, Хъылцъыхъо, Пупæ). | | | | Брытъиаты Е. «Худинаджы бæсты мæлæт». | |
| | | 1 | | Брытъиаты Елбыздыхъо.Фæллойгæнæг адæмы сæрибарыл тох трагеди «Амыран»-ы. | Символ. Уый тыххæй æмбарынад. | | | | |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | | Брытъиаты Елбыздыхъо. Трагедийы сæйраг архайджытæ. Бесæйы фæлгонц. | | | | | |
| **Ныхасы рæзт.** | **2** | **2** | | **Сочинени Брытъиаты Е. сфæлдыстадмæ гæсгæ.** | | | | | |
| Цæлыккаты Ахмæт. | 2 | 1 | | Цæлыккаты А. цард æмæ æхсæнадон архайд. «Бынылзад уыбыхаг». Туркмæ трагикон хъысмæтæй иу ныв. | | | | | през ента ци |
| | | 1 | | Цæлыккаты Ахмæт. «Туг тугæй æхсад у». | | | | | |
| Хъороты Дауыт | 2 | 1 | | Хъороты Дауыты цард æмæ сфæлдыстад «Æз нæ уыдтæн,гæды уыди». | Фæлгонц, характер. | | | Хъороты Д. «Дæсны», «Уарзæттæ». | |
| | | 1 | | Хъороты Дауыт Чиновникты фæлгонцтæ. Фæсдзæуины психологи уацмысы. | | | | | |
| Илас Æрнигон. | 1 | 1 | | Илас Æрнигоны сфæлдыстад. «Арфæ ракæ», «Сомы». | Композици, строфайы тыххæй æмбарынад. | | | Æнамонд Ирыстон. | |
| | | | | Илас Æрнигон.Райгуы рæн бæстæйы хъысмæтыл сагъæс йæ æмдз. «Куы ркастæн», «Æрмыс иу мæн». | Метафорæ, абарст, аллитераци. | | | «Уайсадæг чындз», «Сау мигъ», «Стæй куыд». | |
| Токаты Алихан. | 1 | 1 | | Токаты А. цард æмæ сфæлдыстадыл афæлгæст. Поэты идеон-эстетикон программæ «Алыхуызон мæсыг»-ы. | Сонеты тыххæй æмбарынад. | | | Токаты А. «Райгуырæн бæстæ», «Хох, мæ хох», «Асин». | |
| | | | | Токаты Алихан. «Цыкурайы фæрдыг» - курдиат æмæ зонындзинады символ. | Символы фæлгонц. | | | «Хъæды фынтæ». | |